

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan anu penting pikeun siswa, sabab dina nulis bisa mantuan siswa pikeun prosès mikir. Siswa bisa ngèbréhkeun sagala rupa ideu atawa gagasan, pamikiran, pangalaman, jeung kahayang ngaliwatan wangun basa tulisan. Salian ti éta, kaparigelan nulis ogè pikeun nembongkeun jati diri jeung ngamekarkeun daya krèativitas siswa.

Nurutkeun hasil observasi panalungtik nu dilaksanakeun di SMK Puragabaya Kota Bandung nalika Pelatihan Latihan Profesi (PLP) Taun Ajaran 2015/2016, para siswa miboga bangbaluh dina nulis, hususna nulis carita pondok. Loba siswa nu ngarasa can bisa dina ngébréhkeun ideu atawa gagasan nu rék ditulis, nu antukna siswa hésé nyieun kalimah nu merenah tur bener, sarta héséna nimukeun kecap mimiti pikeun dijieun jadi kalimah satuluyna jadi paragraf. Tangtuna, aya sababaraha hal anu mangaruhan kana kurangna tulisan basa Sunda, di antarana kurangna pangresep kana nulis basa Sunda, kosa kecap basa Sunda nu masih kurang, jeung kurangna pangresep kana pangajaran basa Sunda di sakola.

Salah sahiji cara ngaronjatkeun siswa kana nulis tangtuna kudu aya motivator nya éta guru. Guru bisa ngamekarkeun sagala pangaweruh jeung kaparigelanana dina nepikeun matéri di kelas nepi ka pangajaran bisa kahontal. Salian ti éta, guru ogé miboga peran penting dina nyiptakeun pangajaran di kelas anu matak ngirut pikeun siswa diajar nulis hususna nulis carita pondok.

Dina ngaronjatkeun kaparigelan nulis, hususna dina nulis carita pondok geus diatur ku Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat. Nu écés dipertélakeun dina Kurikulum 2013 nu luyu jeung KIKD 2013 (2013, kc. 358), ngeunaan matéri pangajaran anu aya dina KD 10.4.6 yén siswa kudu mampuh “*menanggapi dan mengekspresikan carpon sesuai dengan kaidah-kaidahnya*” nu materi pokona nya éta “*mengarang cerita pendek*” pikeun kelas X di tingkat SMA/SMK. Ku kituna, sangkan éta kompetensi dasar nu aya dina silabus téh bisa kahontal kalawan

maksimal, matéri ajar nu ditepikeun kudu ngagunakeun modél pangajaran nu variatif, sabab modél pangajaran mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran anu leuwih ngirut minat diajar siswa.

Dina milih modél pangajaran kudu disaluyukeun jeung matéri nu rék ditepikeun. Salah sahiji modél pangajaran anu bisa mantuan mekarkeun pangajaran nulis carita pondok nya éta modél pangajaran *Examples non Examples*. Modél pangajaran *Examples non Examples* boga stratégi pikeun ngajarkeun siswa dina diajar maham jeung nganalisis hiji konsép.

Digunakeunna modél pangajaran *Examples non Examples* dina pangajaran nulis carita pondok alatan boga kaunggulan nya éta bisa ngahudangkeun siswa pikeun mikir kritis, kréatif, jeung wani nganalisis tuluy ngadéskripsikeun naon-naon anu aya dina pikiranana ngeunaan éta gambar, ngaliwatan wangun tinulis. Ku kituna, modél pangajaran *Examples non Examples* bisa ngaronjatkeun motivasi siswa dina nulis carita pondok ogé mantuan siswa dina nyangkem matèrina leuwih babari.

Panalungtikan anu ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* dina pangajaran nulis kungsi dilaksanakeun, di antarana waé, “Babandingan Éféktifitas Modél Pangajaran *Examples non Examples* jeung Modél *Kooperatif Script* dina Pangajaran Dongéng” (Dian Handiani, 2010); “Modél Pangajaran *Examples non Examples* dina Nulis Karangan Éksposisi Siswa SMP Negeri 26 Bandung Taun Ajaran 2009/2010 (Nurlaela, 2010); “Pangajaran Nulis Karangan Narasi Ngagunakeun Modél *Examples non Examples*” (Titin Nurjanah, 2011); “Modél Pangajaran *Examples non Examples* dina Pangajaran Nulis Sajak (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII A SMP Negeri 3 Cugenang Kabupaten Cianjur Taun Ajaran 2011/2012)” (Siti Maryam Maulida, 2011); “Kaéféktifan Modél *Examples non Examples* dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan” (Widya Mima Lisdiani, 2012); jeung “Modél Pangajaran *Examples non Examples* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Pangalaman Pribadi” (Gita Rosita, 2011). Éta panalungtik téh medar larapna modél *Examples non Examples* dina pangajaran nulis karangan dongéng, éksposisi, narasi, sajak, nulis laporan jeung

pangalaman pribadi. Ieu panalungtikan ogé nalungtik ngeunaan modél pangajaran *Examples non Examples* tapi bédana dina ngalarapkeun pangajaran nulis carita pondok.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan diujicobakeun dina pangajaran nulis ku cara ngagunakeun “Modél Pangajaran *Examples non Examples* Pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Carita Pondok (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016)”.

1.2 Rumusan Masalah

Nulis carita pondok mangrupa salah sahiji kompetensi dasar anu aya di SMA/SMK. Dina ieu kompetensi dasar, siswa diperedih sangkan bisa nulis téks carita pondok luyu jeung kaédah-kaédah basana.

Unsur-unsur dina carita pondok di antarana unsur intrinsik jeung unsur ékstrinsik. Ku kituna, sangkan teu lega teuing ambahannana, panalungtik perlu ngawatesanan supaya jéntré sarta henteu méngpar tina katangtuan anu geus ditangtukeun. Watesan masalah dina ieu panalungtikan medar ngeunaan kumaha cara ngaronjatkeun kamampuh dina nulis carita pondok anu ngawengku eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mékanik jeung gaya. Pasualan séjénna nya éta ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples* anu mangrupa métode ka Siswa Kelas X-Farmasi Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

Anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa (eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mékanik jeung gaya) saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis carita pondok siswa (eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mékanik jeung gaya) sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*?

- 3) Naha aya béda anu signifikan dina kamampuh nulis carita pondok siswa (eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mékanik jeung gaya) antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Luyu jeung masalah anu dipedar di luhur, sacara umum ieu panalungtikan téh miboga tujuan pikeun nguji hasil modél pangajaran *Examples non Examples* dina Pangajaran Nulis Carita Pondok di Kelas X-Farmasi SMK Puragabaya Kota Bandung Taun Ajaran 2015/2016.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis carita pondok siswa (eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mékanik jeung gaya) kelas X-Farmasi SMK Puragabaya saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*;
- 2) kamampuh nulis carita pondok siswa (eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mékanik jeung gaya) kelas X-Farmasi SMK Puragabaya sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*; jeung
- 3) bédana kamampuh nulis carita pondok siswa (eusi carpon, imajinasi, tokoh jeung penokohan, plot/galur, hubungan antar padalisan, mékanik jeung gaya) kelas X-Farmasi SMK Puragabaya saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Examples non Examples*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga dua mangpaat, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun nambahan jeung ngeuyeuban tiori modèl-modèl pangajaran sarta mèrè informasi anu patali jeung kaèfèktifan modèl pangajaran dina nulis carita pondok.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian miboga mangpaat tioritis ieu panalungtikan tangtuna ogè miboga mangpaat praktis.

- 1) Pikeun Siswa, dipiharep bisa leuwih daria dina diajarna sarta bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis carita pondok.
- 2) Pikeun Guru, dipiharep bisa leuwih parigel nalika nepikeun pangajaranana sangkan bisa ngaronjatkeun minat siswa dina pangajaran nulis carita pondok.
- 3) Pikeun Paèlmuan, dipiharep modèl pangajaran *Examples non Examples* bisa jadi bahan alternatif dina pangajaran nulis carita pondok.
- 4) Pikeun Panalungtik, bisa mikaweruh jeung ngaèvaluasi sabada modèl pangajaran *Examples non Examples* diterapkeun ka siswa dina prosès pangajaran.

1.5 Sistematika Tulisan

Sistematika tulisan mangrupa susunan bab-bab anu ngawangun ieu skripsi, kalayan sistematika saperti ieu di handap.

Bab I Bubuka, eusina ngadéskripsikeun hal-hal naon waé anu jadi kasang tukang masalah dina panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat

panalungtikan boh éta mangpaat praktis atawa mangpaat tioritis, jeung sistematika panulisan skripsi.

Bab II Ulikan Pustaka, eusina ngawengku tiori-tiori modél pangajaran, modél pangajaran *Examples non Examples*, tiori nulis, tiori carita pondok, panalungtikan saméméhna, raraga mikir, anggapan dasar jeung hipotésis.

Bab III Métoeu Panalungtikan, eusina ngawengku desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, jeung nganalisis data hasil panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngawengku jawaban-jawaban tina patalékan-patalékan anu geus dirumuskeun saméméhna sarta pedaran hasil panalungtikan.

Bab V Kacindekan jeung Saran, eusina ngadéskripsikeun kacindekan tina hasil panalungtikan, sarta méré saran atawa rékoméndasi-rékoméndasi pikeun panalungtikan anu dilaksanakeun sabada ieu panalungtikan.